# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–25 नवम्बर 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु अजोध्या में श्रीराम जनमभूमि मंदिर के सिखर पर धर्म ध्वजा फहरवलें। ई मंदिर निरमाण के पूरा भइले आ सांस्कृतिक उत्सव अउरी राष्ट्रीय एकता क एगो नया अध्याय के सुरूआति क प्रतीक हौ।

येह मौका पर प्रधानमंत्री कहलें कि ई ध्वज भारतीय सभ्यता के पुनर्जागरण क प्रतीक बा। उहां के कहलीं कि ई पवित्र ध्वज येह बाति क प्रमाण हौ कि आखिरी में असत्य पर सत्य क विजय होला।

**आज संपूर्ण भारत, संपूर्ण विश्व राममय है। हर रामभक्त के हृदय में अद्वितीय संतोष है, असीम कृतज्ञता है, आपार अलौकिक आनंद है। सदियों के घाव भर रहे हैं। सदियों की वेदना आज विराम पा रही है। आज उस यज्ञ की पूर्ण आहुति है जिसकी अग्नि पांच सौ वर्ष तक प्रज्जवलित रही।**

प्रधानमंत्री जोर दे के कहलें कि लोकतंत्र येह देस के डीएनए में बा। उहां के कहलीं कि केन्द्र सरकार हर मनई खास कइ के समाज क बंचित लोगिन के उत्थान बदे कार कइ रहलि हौ। श्री मोदी कहलें कि श्रीराम भेदभाव नाहीं करे लें अउर सरकारो येही भावना के साथे आगे बढ़ि रहलि बा।

एहसे पहिले, प्रधानमंत्री आजु भिन्नहीं अजोध्या में एगो रोड–शो कइलें। उहां के सप्तमंदिर क दौरा कइलीं आ शेषावतार मंदिर में दरसन कइलीं। शेषावतार मंदिर देस में भगवान राम के दुर्लभ मंदिरन में से एगो हवे। प्रधानमंत्री, माता अन्नपूर्णा मंदिरो में दरसन कइलें आ रामलला के गर्भगृह में दरसन अउर पूजा–अर्चना कइलें। एगो रिपोर्ट–

**जय श्री राम के जयघोष, शंख ध्वनि की गूंज और विश्व के विभिन्न कोनों से अयोध्या पहुंचे हजारों रामभक्तों की उपस्थिति के बीच, शुभ विवाह पंचमी के दिन और अभिजीत मुहूर्त में धर्म ध्वजा कार्यक्रम संपन्न हुआ। ये प्रक्रिया 11 बजकर 40 मिनट पर शुरू हुई, प्रधानमंत्री ने बटन दबाया और 11 बजकर 50 मिनट पर ध्वज पताका स्थापित हो गई, पूरी प्रक्रिया में 4 मिनट से अधिक का समय लगा, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ने पुष्प वर्षा कर ध्वज को प्रणाम किया। दस फीट ऊँचे और बीस फीट लंबे समकोण त्रिभुजाकार धर्म ध्वज पर भगवान श्री राम के तेज और पराक्रम का प्रतीक सूर्य अंकित है। इस दीप्तिमान सूर्य की छवि के साथ ही कोविदारा वृक्ष की छवि भी अंकित की गई है। सुशील चन्द्र तिवारी, आकाशवाणी समाचार, अयोध्या।**

येह मौका पर राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघ–आरएसएस प्रमुख मोहन भागवत कहलें कि रामराज्य क ध्वज पूरा विश्व में सुख–सान्ति प्रदान करे वाला हौ।

**रामराज्य का ध्वज जो कभी अयोध्या में फहराता था और संपूर्ण विश्व में अपने आलोक से सुख–शांति प्रदान करता था, वो ध्वज आज फिर से नीचे से ऊपर चढ़ता हुआ और अपने शिखर पर विराजमान होता हुआ, हमने अपनी आंखों से देखा है, इसी देह में देखा है।**

समारोह के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि आजु क दिन हर भारतवासी बदे गौरव क दिन हौ।

**आज का यह दिन, हर भारतवासी के लिए, हर सनातन धर्मावलम्बी के लिए आत्म–गौरव का दिन है, राष्ट्र–गौरव का दिन है।**

एहसे पहिले अजोध्या पहुंचले पर राज्यपाल आनंदी बेन पटेल आ मुख्यमंत्री एयरपोर्ट पर प्रधानमंत्री क स्वागत कइलें। हमरे अजोध्या प्रतिनिधि बतवलें कि समारोह के देखत पूरा अजोध्या में सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम रहल।

**********

भारतीय स्टेट बैंक कहले हवे कि नया श्रम संहिता के कार्यान्वयन से अर्थव्यवस्था के उल्लेखनीय बढ़ावा मिली आ देस में बेरोजगारी दर में कमी आई। बैंक के रिपोर्ट के मोताबिक नया श्रम संहिता से बेरोजगारी दर में एक दसमलव तीनि फीसदी ले क कमी आ सके ला। एहसे सतहत्तर लाख अउरियो रोजिगार बनी।

**********

नरेन्द्र मोदी सरकार की ओरि से कई गो क्षेत्रन में जीएसटी दर घटवले के बादे बाइस सितम्बर से जीएसटी बचत उत्सव सुरू भइल रहे। एगो रिपोर्ट–

***नया जीएसटी सुधारन में सरकार विद्यार्थियन आ स्टेसनरी उद्योग के ढेर राहति दिहले हौ। स्टेसनरी उत्पाद जइसे–पेंसिल, शॉर्पनर, क्रियॉन, एक्सरसाइज बुक, ग्राफ बुक, मैप आ चार्ट जवन पहिले बारह फीसदी टेक्स श्रेणी में आवत रहे अब पुरहर तरह से टेक्स मुक्त कइ दीहल गइल बा। एकरे सथहीं रबरो पर जीएसटी के पांच फीसदी से घटा के सुन्न कइ दीहल गइल हौ। येह उत्पादन पर जीएसटी कम भइले से न त खाली स्टेसनरी सस्ता भइल बा बलुक पूरा देस में सिक्षा क पहुंचो बढ़ियां भइल हौ। आकाशवाणी दिल्ली से सौम्या आ अमन यादव के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

सिख धरम क नउवां गुरु, गुरु तेग बहादुर जी के तीनि सौ पचासवां सहीदी दिवस के मौका पर आजु लखनऊ में बिसेस 'गुरुमति समागम कार्यक्रम' क आयोजन कइल गइल। येह कार्यक्रम में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो हिस्सा लिहलें।

**********